

Enstriksyon: Ou dwe itilize fòm sa a pou enskri timoun ki gen mwens pase 18 tan nan Mezon Sante (Health Home)* epi se paran, responsab legal oswa reprezantan ki gen otorizasyon legal ki dwe siyen fòm nan. Reprezantan ki gen otorizasyon legal pou enskripsyon nan yon Health Home defini kòm: "yon moun oswa ajans ki gen otorizasyon dapre lwa leta, lwa tribi, lwa militè oswa lòt lwa ki anvigè, lòd tribinal oswa konsantman pou aji sou non yon moun nan pran desizyon sou swen sante". Tout moun ki konsène yo dwe ranpli ak siyen *Fòm Konsantman pou Health Home/Divilgasyon Enfòmasyon/Pou Itilize Avèk Timoun ki Poko Gen 18 Tan* (DOH 5201).

***[Tanpri sonje, timoun ki se paran, ki ansent, epi/oswa ki marye, epi ki kapab bay konsantman yo, pa ta dwe itilize fòm sa a. Olye sa, yo dwe itilize fòm *Konsantman pou Divilgasyon Enfòmasyon sou Pasyon ba Health Home - Anilasyon Konsantman* (DOH 5055)].**

Advance Care Alliance of New York
NON HEALTH HOME

_____ EKRI NON TIMOUN NAN AN LÈT DETACHE

_____ DAT TIMOUN NAN FÈT

Yo te fè mwen konnen timoun ki gen non li anwo a kalifye pou li nan yon Health Home.

Mwen li ak konprann fèy Kesyon Moun Poze Souvan konsènan Health Home.
Moun ki te reponn kesyon mwen yo sou Pwogram Health Home se _____

NON AK TIT REPREZANTAN HEALTH HOME

Mwen konprann sa Pwogram Health Home ye ak fason yo kapab ede pitit mwen. Mwen konprann sa enskripsyon nan yon Health Home vle di epi pou kisa yo pral divilge enfòmasyon sou sante pitit mwen.

Depi mwen siyen fòm sa a, mwen dakò pou

yo enskri mwen nan Advance Care Alliance of New York Health Home.
NON TIMOUN NAN
NON HEALTH HOME

Mwen rekonèt fòm konsantman sa a ap ranplase lòt fòm enskripsyon nan Health Home mwen te ka siyen anvan.

Mwen konnen mwen kapab chanje lide mwen epi mwen kapab retire konsantman sa a nenpòt lè depi mwen siyen yon *fòm Konsantman pou Health Home/Anilasyon Enskripsyon nan Health Home ak Divilgasyon Enfòmasyon/Pou Itilize avèk Timoun ki Poko Gen 18 Tan* (DOH 5202).

Si mwen pa siyen fòm konsantman sa a, mwen rekonèt yo p ap enskri pitit mwen nan Health Home.

_____ EKRI NON PARAN, RESPONSA AB LEGAL OSWA REPREZANTAN KI GEN OTORIZASYON LEGAL TIMOUN NAN AN LÈT DETACHE

_____ RELASYON PARAN, RESPONSA AB LEGAL, OSWA REPREZANTAN KI GEN OTORIZASYON LEGAL AVÈK TIMOUN NAN

_____ SIYATI PARAN, RESPONSA AB LEGAL OSWA REPREZANTAN KI GEN OTORIZASYON LEGAL TIMOUN NAN

_____ DAT LA